



Commission Episcopale Nationale Justice et Paix Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Secrétariat national
BP 1572, Port-au-Prince
Haïti BP 6110,
56, angle Rue Piquant et Lamarre
Tél. 29 43 00 79
cenjp@yahoo.com
www.justicepaixhaiti.org.ht

Nòt pou laprès

Popilasyon ayisyèn nan ap tann yon desizyon sajès pou sove peyi a

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè salye kouraj ak detèminasyon pèp ayisyen an nan batay pou chanje kondisyon lavi li nan peyi a. Li voye senpati li bay tout moun ki viktim epi ki pèdi byen ak biznis yo nan kad mouvman manifestasyon yo.

Poukisa popilasyon ayisyèn nan leve kanpe yon lòt fwa ankò? Popilasyon ayisyèn nan montre li konprann klè kouman dirijan yo ki nan tout nivo nan Leta a pa sansib ditou pou sitiwayon difisil l ap viv, kote li pa ka manje. Li pa ka travay pou yon salè ki kòrèk. Li pa ka voye pitit li lekòl. Li pa ka jwenn swen lasante. Li pa ka abite oubyen rete nan yon bon kay. Li pa ka jwenn jistis lè dwa li vyole. Li pa ka sikile libelibè san li pap kouri danje zak asasinay, kadejak ak vòl. Li pa ka manifeste pou reklame dwa li san li pa viktim anba bal.

Pandantan sa a, popilasyon an ap asiste dirijan yo ki mete ak yon ekip fanm ak gason pou dechèpiye peyi a nan ranmase tout ti lajan ki ta dwe sèvi popilasyon an pou mete l nan pòch yo epi y ap itilize l pou mete zam ak dwòg nan men jenn gason ak jenn fanm nan anpil katye nan peyi a ; y ap sèvi ak lajan taks pèp la yo detounen pou peye vòt palmantè pou fè pase lwa ak desizyon ki pa nan enterè popilasyon an ; Se koripsyon ak enpinite k ap taye banda nan pi wo nivo Leta a : lajan petwokaribe a, dosye DERMALOG ak detounman fon piblik yo se kèk egzanp klè.

Komisyon Jistis ak Lapè konstate se tout dwa moun genyen ak dwa peyi a pou l mache byen dirijan yo ak tout moun ki asosye ak yo ap vyole. Pratik ak konpòtman dirijan yo lakòz tout enstitisyon yo nan peyi a plat atè. Pa gen sèvis ki disponib vre nan okenn biwo Leta pou sitiwayen ak sitiwayèn yo. Sistèm Lajistis la menm plis ap kouvri egzaksyon ak vòl gwo palto ap fè alòske ti malere ap pouri san jijman nan sant detansyon yo. Jiskounye a pa gen gaz ki rive nan okenn vil pwovens yo. Lopital ak Sant Sante yo prèske pa ka bay sèvis ankò.

Komisyon Jistis ak Lapè konprann dirijan yo ki la a se nan twou y ap foure peyi a pi plis. Se yo ki reskonsab tout move pas peyi a ap viv la a. Peyi a pa ka kontinye ap benyen nan sitiwayon malouk sa a. **Dwe gen chanjman total kapital nan tèt Leta a ak nan jan moun dwe gouvènen peyi a.** Li lè li tan pou enstitisyon otonòm ki nan Leta a tankou : ONA, Ladwann, elatriye sispann

tounen espas pou kèk moun ap piye ak pote ale nan peyi etranje pandan peyi a ak pifò moun ladan l ap vin pi pòv chak jou pi plis.

Plizyè fwa Prezidan an te manke okazyon pou fè bon jan dyalòg. Plizyè komisyon rete nan wout. Evènman yo montre Gouvènman pa gen volonte, konpetans ak kapasite pou pran desizyon ki ale nan bon direksyon. Nan kondisyon sa a, se rekonèt echèk yo epi tire konsekans yo. Fòk gen verite sou sa k ap pase nan pi wo nivwo Leta a. Okenn aktè politik (sa ki nan pouvwa a tankou sa ki nan opozisyon an) pa dwe pouse yon popilasyon ki about nan limit sa l kapab fè. Nou swete pou tout aktè politik yo pran konsyans dwe gen bon jan chanjman nan peyi a, pou yo sèvi ak estrateji ki prepare pi bon denmen pou peyi nou an.

Peyi nou nan men Bondye Lavi a ki konfyè l ba nou pou l vin bèl. Se pou lapriyè Manman Mari pwoteje n epi ede n wè klè sou wout la ki devan n.



Jocelyne Colas Noel
Direktris Nasyonal
Pòtoprens, 3 oktòb 2019



Commission Episcopale Nationale Justice et Paix Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Secrétariat national
BP 1572, Port-au-Prince
Haïti BP 6110,
56, angle Rue Piquant et Lamarre
Tél. 29 43 00 79
cenjp@yahoo.com
www.justicepaixhaiti.org.ht

Note de presse

LE PEUPLE HAITIEN ATTEND UNE SAGE DECISION POUR SAUVER LE PAYS DE CETTE CRISE

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix salue le courage et la détermination du peuple haïtien dans sa bataille pour le changement de ses conditions de vie. Elle adresse ses sympathies à toutes les victimes et à tous ceux et celles qui ont perdu leurs biens et leurs business dans le cadre du mouvement des manifestations de ces derniers jours.

Pourquoi le peuple haïtien se révolte-t-il cette fois encore contre ses gouvernants ? Ce peuple montre qu'il comprend clairement comment ses dirigeants, à tous les postes de responsabilité de l'appareil étatique, ne sont pas du tout sensibles à la situation misérable et difficile qu'elle vit, où manger est devenu un problème sérieux suite à la vie chère et au prix très élevés des produits de première nécessité. Un peuple au chômage et sans emplois, surexploité et qui ne peut travailler que pour un salaire injuste; un peuple qui ne peut payer la scolarité de ses progénitures faute de moyens financiers; un peuple incapable d'accéder aux soins de santé à cause de leurs coûts élevés; un peuple mal logé ou sans logements; un peuple qui ne peut bénéficier de la justice étatique lorsque ses droits sont violés, un peuple qui ne peut circuler librement sans être inquiété par des actes d'assassinats, de brigandages, de viols et de vols; un peuple qui ne peut manifester pour réclamer ses droits sans qu'il ne soit victime des coups de feu.

Pendant ce temps, le peuple assiste aux détournements, gaspillages et dilapidations des richesses du pays par les autorités et leurs partisans qui ramassent l'argent des contribuables du trésor public ; cet argent public qu'ils utilisent aussi pour s'approvisionner en armes et drogues pour ensuite les redistribuer aux jeunes filles et garçons dans plusieurs quartiers populaires des villes du pays. Ils se servent de l'argent des taxes et impôts pour acheter les votes des parlementaires afin de faire passer des lois et décisions qui ne servent pas les intérêts du peuple. La corruption et l'impunité ont atteint leur apogée et voir même leur paroxysme au plus haut niveau de l'Etat: Les fonds petro caribe, le dossier DERMALOG et les autres détournements des fonds publics sont quelques exemples clairs.

La Commission Justice et Paix constate que les droits fondamentaux du peuple et son droit souverain de bénéficier de la bonne marche des institutions et des services publics que l'Etat doit garantir sont violés par les dirigeants et leurs associés. Les pratiques de corruption et le comportement irresponsable des dirigeants haïtiens est également la cause du dysfonctionnement ou mieux de l'absence de fonctionnement des institutions étatiques du pays. Aucun service n'est disponible dans les bureaux de l'Etat pour les citoyens et citoyennes; le système judiciaire même couvre les exactions et les délits de vols des « grands » alors que le petit peuple pourrit dans les centres de détention sans jugement. Jusqu'à présent, les produits pétroliers sont indisponibles dans les villes de provinces. Tous les hôpitaux et centres de santé sont presque incapables de recevoir des patients.

La Commission Justice et Paix tire la conclusion selon laquelle les dirigeants haïtiens en poste sont, chaque jour qui passe, en train d'enfoncer le peuple dans une profonde fosse sans issue. C'est eux qui sont responsables de tous les faux et mauvais pas que le pays est en train de marquer. Ce pays ne peut pas continuer à baigner dans cette mauvaise situation. **Un changement total est impératif à la tête de l'Etat et dans la façon dont les autorités doivent gouverner le pays.** Il est l'heure, il est temps que les institutions autonomes de l'Etat comme ONA, la douane, etc. suspendent d'être des espaces pour quelques personnes qui pillent les richesses du pays et les exportent vers les pays étrangers pendant que Haïti et la majorité du peuple sont en train de s'appauvrir davantage au jour le jour.

Plusieurs fois, le président Jovenel MOISE a manqué à son devoir d'initier un vrai dialogue national ; plusieurs commissions formées n'ont pas aboutis. Le cours des événements a montré que le gouvernement manque de volonté, de compétence et de capacité pour prendre de bonnes décisions pour répondre aux besoins des populations. Dans ces conditions, le président et son gouvernement doivent reconnaître leurs échecs et en tirer les conséquences. Encore, faudrait-il que la vérité soit établie sur ce qui se passe au plus niveau de l'Etat. Aucun acteur politique (ceux et celles du pouvoir et ceux et celles de l'opposition) ne doit pousser la population déjà à bout de souffle, à la limite de ses forces. Aujourd'hui plus qu'hier, nous souhaitons que tous les acteurs politiques prennent conscience qu'un vrai changement est nécessaire pour que demain naisse un Haïti meilleur.

Notre pays est entre les mains du Dieu de la Vie qui nous l'a confié pour le rendre prospère. Que la prière de la Sainte Vierge Marie, patronne d'Haïti, nous protège et nous aide à voir plus clair sur le chemin à prendre pour de lendemains meilleurs en Haïti.



Jocelyne Colas Noel
Directrice Nationale
Port-au-Prince, le 3 Octobre 2019